ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№176 (23.084) • 2015 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 12, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сом 15-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэр Налшык щыхуэзащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министр Кузнецов Лев

Лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ 2025 гъэ пщIондэ тещIыхьа «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зыужьыныгъэ» къэрал программэм ипкъ иткIэ КъБР-м иIэну социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм.

ЗЭМАН гъунэгъум узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ Къбэрдей-Балъкъэрым щрагъэфIэкIуэну къапэщылъ. Гулъытэ хэха ягъэтынущ агропромышленнэ комплексым, промышленностым, турист-рекреацэ Iуэхугъуэхэм. «Ди дежкIэ Iуащхьэмахуэ, - къыхигъэщащ Кузнецов Лев, - урысейпсо курорт къудейкъым, атIэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэщ».

КIуэкIуэ Юрий Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министерствэм фIыщIэ хуиущащ республикэм къыпэщылъ къалэн нэхъыщхьэхэр зэрIэгъэкIынымрэ ипэкIэ гъэкIуэтэнымкIэ сыт щыгъуи гулъытэрэ дэIепыкъуныгъэрэ къызэрыритым къыхэкIыу.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIп1э.

Республикэм зиужьынымкIэ къыхукъуэкI Iэмалхэр КъБР-м и экономикэр илъэс куэдкIэ тегъэгушхуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ

Дыгъуасэ Правительствэм и Унэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министр Кузнецов Леврэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм 2025 гъэ пщIондэ зиужьынымкIэ къэрал программэр егъэфIэкIуэным теухуа зызыубгъуа зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я пашэхэр.

Пэублэ псалъэм КъБР-м и Iэтащхьэм къыщыхигъэбелджылыкIащ 2025 гъэ пщIондэ тещIыхьа «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зыужьыныгъэ» къэрал программэр гъэзэщIа хъуным ипкъ иткIэ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и программэ лъабжьэкъэ зэхэгъэувэнымкIэ бгъэдыхьэкIэ нэхъыщхьэхэр.

«Республикэм зиужьынымкIэ къытхукъуэкI Iэмалхэр КъБР-м и экономикэр илъэс куэдкIэ тегъэгушхуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ, ауэ федеральнэ центрым щIэдзапIэфI къудейкэр диныгъунукъым, дэтхэнэ зы проектми лъабжьэ быдэ иIэн хуейщ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Нобэкlэ республикэм щыщыIэ щытыкIэм и гугъу пщIымэ, Кузнецов Лев къыхигъэщащ социальнэ Iэнатlэм фIагъ гуэркэр зэрыхэплъагъуэр, министрым зэрыжиIамкIэ, «урысейпсом пэгъунэгъуу, языныкъуэхэм и дежи ящхьыщыкIыу».

Къэрал программэм мыльку зэрыхухах мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэмалу щытщ «КСК» ОАО-мрэ «КРСК» ОАО-мрэ. «Дэ къэтпщытэжащ абыхэм я лэжьыгъэр икIи япэ игъэщIапхъэхэмрэ къалэнхэмрэ зэтедухуэжащ. Къапщтэмэ, КСК-мкIэ 2020 гъэ пщIондэ инвестицэхэр курортищым – Iуащхьэмахуэ, Архыз, Ведучи - тедгъэшэну мурад тщIащ. Абы щыгъуэми Iуащхьэмахуэ курортыр дэ къыдольытэ дунейпсо курорту, хуэфэщэн къалэнхэр абы и пщэ къыдэхуэнущ», - жиIащ Кузнецов Лев.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министрым ягу къигъэкIыжащ Къбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ программэ лъабжьэр мы гъэм жэуплъыгъуэм и 1 пщIондэ зэхалъхьэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIп1э.

Берд Хь. А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэн Берд Хь. А. - жылагъуэ лэжьакIуэр
2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 10-м
№125-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и жылагъуэ чэнджэщэгъуэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и лэжьыгъэр чэнджэщкIэ дэIыгъыныр къызэрагъэпэщын мурадкIэ **Чеченов Ануар Ахьмэт и къуэр** Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и жылагъуэ чэнджэщагъуэу гъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 10-м
№113-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий я щхьэ Iуэхукlэ къыхуэкIуахэм яIуощIэ

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзэр щригъэблэгъащ.

Социальнэ, псэупIэ-унагъуэ, нэгъуэщI Iуэху зыбжанэ зэфIагъэкIынымкIэ ядэIепыкъуну кьелъэIуу Тэрч, Май, Дзэлыкъуэ районхэм щыпсэуэхэм зыкъызэрэхуагъэзахэм хэплъащ.

Абыхэм къыщаIэта Iуэхухэм тещIыхьауэ зыхуэфащэ Iэнатlэхэм къалэн щащIащ тхьэмахуэ зэхуаку пIалъэм къриубыдэу ахэр зэфIагъэкIынымкIэ лэжьыпхъэхэр зэфIахыну.

ИлъэсыкIи зэрыщIидзэрэ я щхьэ Iуэхукlэ КъБР-м и Iэтащхьэм и дежи щыIащ щыхуи 196-рэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIп1э.

● КъБР-м и Правительствэм

ЩIыхуэм хохъуэ

ФокIадэм и 10-м КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэр къызэIуихыри езыгъэкIуэкIари абы и унафэщI Мусуков Алийщ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я Iуэхухэмкlэ и министр **Бышэн Азрэт** къыхихьащ Шэджэм ЕтIуанэ и гъунэгъу щыIэ хьупIэ гектарищыр промышленнэ мыхьэнэ зиIэ щыIы Iыхьэхэм хагъэхьэну. Абы зэрыжиIамкIэ, абдежым мывэкIыщхьымрэ пшахъуэмрэ щелэжь Iуэхущ1аIп1э щаухъунущ. Iуэхум фIыуэ хэлъхэм ящыщщ цIыху 30 IэнатIэкIэ къызэрызэрагъэпэщынур, къищынэмыщIауэ, щIыпIэ бюджетым сом миницщ илъэс къэс зэрыхалъхьэнур.

ЗэIущIэм къыщызэдащтащ КъБР-м и хэгъэугъу, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ гъэугъэм автомашинэхэр щызэкIуэныр пIалъэкIэ къызэрызэтрагъэуфыIэн хабзэхэр. ЩIыуэпс, техногенныгъэзэрэгъуэхэм я Iэужькlэ зэтекъута гъэугъуэр ириздрагъэпэщыжыну, ирырагъэфIэкIуэну КъБР-м и Гъэсэгъу фондым и ахъшэ гъэтIылъар къызэрагъэсэбэпыну хабзэми арэзы техъуащ къызэхуэсахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэмкIэ, цIыхуэр Iэнатlэмкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** тепсэлъыхьащ КъБР-м и сабийхэм унагъуэ егъэгъуэтынымкIэ яIэ хуитынымкIэ 2015-2017 гъэхэм гъэзэщIэным хуэунэтIа планым зэхъуэкIынымгъэхэр хэлъхьэным. Абы зэрыжиIамкIэ, зэхъуэкIынымгъэхэр щытыкIэ гугъум ихуа сабийхэм защIэгъэкъуэнымкIэ фондым гранту къыщахьа сом мелуан 30-р илъэс бжыгъэхэм тегуэшэным къашащ. Иджыблагъэ министерствэм сом мелуанибгъум нэблагъэ къратащ, мыгувэу сом мелуанипл1 хуэдиз къаIэрыхьэну поплъэ.

КъБР-м щэнхабэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** щэнхабзэмрэ гъуэндэжмрэ я лэжьакIуэхэм Къбэрдей-Балъкъэрым щрат Къэрал стипендием и Положенэм зэхъуэкIынымгъэхэр зэлъхьэным и Iуэхукlэ къэпсэлъащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, стипендиер зыхуагъэфащэхэм щыщу министерствэм и унафэ щIэт Iуэхущ1аIп1эхэм щылажьэхэм я ахъшэр Iуэхущ1аIп1эхэм хурагъэхьыкIэрэ Iэрагъэхьэнущ.

ЗэIущIэм къыщыздащтахэм ящыщщ ди лъэпкъэгъуэм я Iуэхукlэ Правительствэм и деж щыIэ комиссэмрэ жылагъуэ зэрэдэмхэм щыхэплъэнымкIэ Къбэрдей-Балъкъэрым щыIэ Iэщ1аГъэлI-лэжьакIуэ гупым хэтхэмрэ ящыщхэр зэхъуэкIынымрэ. Апхуэдэуи министрхэр арэзы техъуащ лъэпкъ, дин зэху щытыкIэхэмкlэ КъБР-м и Правительствэм и комиссэ къызэрагъэпэщынымрэ.

ЖКХ-м и тарифхэр зэрыхэхъуар къыщыпсынатуэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и уасэр езыгъ щыхухэм субсидиеу яхуэфэщэнум и мардэр яубзыхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор** зэрыжиIамкIэ, 2013 гъэм щегъэжьауэ, КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам тету, пенсэ ныбжьым нэсауэ я закъуэу е зэщхьэгъусэу псэухэм я псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIатыр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ мащIэ ящIри, унагъуэм и хэхъуэм и процент 12-м нагъэсащ, адрей щIыгум яйр процент 15 мэхъу. 2015 гъэм республикэ бюджетым а Iуэхухэм папщIэ субсидиеу сом мелуани 165-м щIигъу щыхухахащ.

ЦIыхухэр гаскIэ къызэрэгъэпэща зэрыхъумрэ ягъэсам и хуэдэ зэратымрэ теухуауэ зэIущIэм и кIэхьым къэпсэлъащ Тутыкъур.

Республикэм щыпсэухэм щыщхьэуфым и 1-м ирихьалIэу газ уасэу зэтрагъэхьар сом меларди 7,8-рэ мэхъу. Абы щыщу бюджет Iуэхущ1аIп1эхэм сом мелуан 39,2-рэ, хуабэ энергетикэ комплексхэм сом меларди 3,9-рэ, унагъуэхэм сом меларди 4,275-рэ ятелъу. Гъэ кIуам елытауэ 2015 гъэм и мазибл кIуам газ уасэу иратар зы мащIкIэ нэхъыбзщ (процент 72,5-рэ). Тутыкъум зэрыжиIамкIэ, бюджет Iуэхущ1аIп1эхэм я щIыхуэм хагъэщIащ. Хуабэкlэ къызэрызэпэщ Iуэхущ1аIп1эхэм мы гъэм къагъэсэбэпа газым и процент 41,4-рэщ ятар.

Газ уасэр нэхъыфIу ятын папщIэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ ДадэМуIэед я пашэу къызэрагъэпэща республикэ комиссэр щIэх-щIэхыурэ республикэм и щIыналъэхэм кIуэурэ щIыхуэр зэтрагъэкIынымкIэ къыхураджэну.

Мы гъэм КъБР-м газу сом мелард 1,9-рэ и уасэ щагъэсамэ, абы щIатыр сом мелард 1,4-рэщ. Мусуков Алий муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм яжриIащ къагъэсэбэпа газым и уасэр ятыну я цIыхухэр къыхураджэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 12, щэбэт

♦**Япэ медицинэ дэIепыкъуныгъэ и етыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Украинэм Физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр егъэлъапIэ**
♦**Украинэ кином и махуэщ**
♦1492 гъэм **Колумб Христофор** Америкэр къызэIуихащ.
♦1953 гъэм **Хрущев Никитэ** КПСС-м и ЦК-м и япэ секретару хахащ.
♦1953 гъэм Кенненди Джонрэ Бувье Жаклин Лирэ я нэчыхыыр ятхащ.
♦1959 гъэм «Восток-Л» совет ракетэр япэу Маззм лъэтащ икIи СССР-м и ныпымрэ гербымрэ ихьащ.
♦Франджы физик, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Жолио-Кюри Ирен** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦КъЩIР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Браат Хьэбас** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Дорониэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, скрипкэм Iэзэу зэреуэмкIэ дуней псом цIэрыцIэу щыхъуа, СССР-м и цIыхубэ артист **Спиваков Владимир** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Совет фигуристкэ, олимп чемпионкэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Роднина Ирин э** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щыхъ зиIэ и артист **Шэджыхьащ Асльэнбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщыщхьынущ. Хуабэр махуэм градус 17 – 18, жэщым градус 14 – 15 щыхъунущ.

ФокIадэм и 13, тхьэмахуэ

♦**Къурш и дунейпсо махуэщ**
♦**Фашизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ**
♦**Танкистым и махуэщ**
♦**Программистым и махуэщ**
♦**Байкал гуэлым и махуэщ**
♦**Канадэм Адэшхуэ-анэшхуэхэм я махуэр щагъэлъапIэ**
♦1762 гъэм **Екатеринэ ЕтIуанэр** пащтыкъ къулыкъум пэрыуващ.
♦1745 гъэм «Атлас российский» географие къыдэкIыгъуэр ятеу дунейм ехыжащ.
♦1929 гъэм инджылыз щIэныгъэлI-бактериолог Флеминг Александр и къэхутэныгъэщIэм - пенициллиним - и сэбэпынагъэр хэлъщIыну ищIащ.
♦1942 гъэм Сталинград заум щIидзащ.
♦1999 гъэм террористхэм Москва и Каширскэ шоссе уэрамым тет унэхэм ящыщ зыр къагъэуащ. Абы щIэсахэм ящыщу цIыхуи 124-рэ зэкIуэдащ.
♦Драматург, режиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Тубай Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.
♦Партизанкэ, Совет Союзым и Лыхъужь **Космодемьянская Зое** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Шорэ Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джыназ Борис** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Уэрэджыакlуэ, усакlуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артист **Розенбаум Александр** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦Урысей журналист, «Совершенно секретно» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Боровик Артём** къызэралъхурэ илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхы-нущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 20, жэщым градус 14 – 16 щыхъунущ.

ФокIадэм и 14, блыщхьэ

♦1812 гъэм Москва зауэншэу Наполеон иратат, къалэрэ дзэри хъума хуэ папщIэ.
♦1911 гъэм Урысейм и Министрхэм я Советым и унафэщI Столыпин Пётр яукIыну хэтащ.
♦1960 гъэм ЩIыдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэр (ОПЕК) къызэрагъэпэщащ.
♦Генерал-майор, КъуэкIыпIэ Жыжьэм пащтыхым щIиа армэм и командующэу щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж** къызэралъхурэ илъэси 198-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Хьыту Сайдин** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, СССР-м и цIыхубэ артист **Кириллов Игорь** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Хьэрычэтыщ1э, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу щыта **Дер Станислав** къызэралъхурэ илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн Бетlал** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, потребкооперацэм щыхурагъаджэу Белгород дэт университетым Налшык щIэ къудамэм и унафэщI **Хьэфыщ1э Эльмирэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщl **Медведев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 23-рэ, жэщым градус 16 – 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Ди къуэш республикэхэм

ЩIыналъэм щыяпэу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и махуэр. Къэрэшей-Шэрджэсым и щыхьэр Черкесск къалэр, илъэси 190-рэ зэрырикъур щIыналъэм Iэтауэ щагъэлъапIэщ. Махуэшхуэм ирихьэлIэу фокIадэм и 6-м къызэIуахащ Урысейм и Илъэс щIыналъэм щынэхъ ин, республикэм дежкIэ япэ картодром.***

Къэрал-щхьэзакъуэ зэдэлэжьэныгъэм ипкъ иткIэ яуха картодромым 1 гектар еубыд икIи гъэзгъэр метр 350-м щыщIэдзауэ километр 1,3-м хужкIуэу зэпхъуэкIыну Iэмал къет. Иджыблагъэ икIи шынагъэншэ картингэр къащэхуащ. Картинг-центрым сыт щыгъуи медицинэ лэжьакIуэ щыIэщ.

Черкесск и Iэтащхьэ Тамбий Руслан ар къыщызэIуахым къыхигъэщащ картодромым и гъэзгъэр щагъэкIуэныгъэм зэрыуэкIуэр. Республикэм и щыхьэрым къыщызэIуахынущ "Форсаж 09" картинг школ.

Джип-триал зэхьэзэхуэ

АБХЪАЗ. ***Джип-триалымкIэ автомобиль зэхьэзэхуэ зэIуха республикэм и Сыхъум районым и Гумэ къуажэм фокIадэм и 11-12-хэм щокIуэкI.***

«Аиааира» автоклубым хэт Никитченкэ Сергей зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ зэхьэзэхуэ иджы япэу Абхъазым щрагъэкIуэкI. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ республикэм Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетыр, Сыхъум къалэ администрацэм щалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ спортымкIэ и комитетыр, «Аиааира» автоклубыр, «Сочэ и джипрэхэр» автомобиль зэгухьэныгъэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Фыдогъэблагъэ! ● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Илъэс» гуп.
Ебгуанэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
Налшык. «Спартак» стадион.
ФокIадэм и 14. *Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.*

■ ХъыбарыщIэхэр ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио натыныхэр ■ Матъхъэдис

Лъэпкъ Iущыгъэ

Гъатхэ дыгъэ си нысэ типси, бжьыхьэ дыгъэ сипхъу типсэ.

джэш Вячеслав: Хэхыпіэ округхэм я цухуагіэхэр зэрахъуэжам къалэдэсхэми хуэдэу къуажэ хэкІуэхэми я сэбэп зыхэлъхэр нэхъыбэу къызэригъэпэщынущ

Щыналъэхэм щытопсэлъыхь 2016 гъэм Къэрал Думэм щыхахкІэ Іэ щаІэтым хэхыпІэ округхэр зэрагуэшыну хабзэщІэм

ФокІадэм и 2-м УФ-м и ХэхакІуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм зэрихьэхакІащ 2016 гъэм Къэрал Думэм щыхахкІэ Іэ щаІэтыну зы мандат округхэм я ухуэхкІэр. ЗэхъуэкІыныгъэхэр ирагъэкІуэкІащ къэралым и административнэ-щыналъэ гуэшыкІэщІэм Федерацэм щыналъэщІэхэр, КІырымыкрэ Севастополрэ, къызэрыхихьам кІыхэкІыу депутатхэр зэрыхахыну хабзэщІэр къэлъытауэ. Абы ипкъ иткІэ зы мандат округхэу 225-рэ къызэрагъэпэщащ. Округхэр тещІыхьащ дэтхэнэ щыналъэми щатхэ хэхакІуэхэм я бжыгъэр зыхуэдизым. Абыхэм къалэ щыналъэхэми хуэдэу къуажэ щыналъэхэри хагъэхьащ. Законым ипкъ иткІэ а хабзэр щыІэнущ илъэси 10-кІэ. 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м нэхърэ мынэхъ кІасэу хабзэм юстицэ къару иГуэтынущ - а махуэм законыр Къэрал Думэм къищтэн, абы Федерацэмкіэ Советыр арэзы техъуэн, Президентым Іэ щІидзэн икІи ар къытрадзэн хуейщ.

ЩІэуэ кІыхьалъхьахэм я гугъу щищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ Комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав кІыхиГъэбелджылыкІащ хэхыпІэ округхэм я гуэшыкІэу 2003 гъэм щыІам кІыщхьэщыкІыжы зы мандат хэхыпІэ округхэм я хабзэу Урысейм и ЦИК-м зэхилъхьам икІи 2016 гъэм Урысейм и Къэрал Думэм хахыу Іэ щаІэткІэ къэгъэсэбэпынум къалэщхуэхэм, Федерацэм и щыналъэхэм я административнэ центрхэм ящыщ Іыхьэхэр, къалэ къуажэ жылагъуэхэр зы мандат округым щызэхагъэхьэну Іэмал кІыхьэритыр.

«Дэ дызэрепГъымкІэ, хабзэщІэм къалэдэсхэми хуэдэу, къуажэдэсхэми я сэбэп зыхэлъхэр нэхъыбэу кІыхьэрегъэпэщ», - кІыхиГъэщхьэхуКІащ Джэшым.

Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, щІэуэ кІыхьалъхьэхэр республикэм кІыпІэІэсынукъым хэхакІуэхэм я бжыгъэр зыхуэдизым тещІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зы мандат хэхыпІэ округ закъуэ фІэкІа кІыщІэзІуэхыну зэрамыурадым кІыхэкІыу.

ПЕЧЁНОВ Владилен.

ЗауэлІым и медалыр

Хэку зауэшхуэм хэта ПщыщІыкІу Къасболэт Хьэцу и къуэм «И хахуагъэм папщІэ» медалым и удостоверенэ иратыжащ абы ипхъу Ерыскоъуэ Сэнят. ЗэІуцІэр щекІуэкІащ Бахъсэн районым и администрацэм. Администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Къаздэхэту Олег зэІуцІэр къыщызэІуихым тепсэлъыхьащ сэлэтым и зауэ гъэзуанэм.

ПЩЫЩІЫКІУ Къасболэт Хьэцу и къуэр 1902 гъэм Алтуд къуажэм мэкъумэшыщІэ унагъуэм къыщалъхуащ. 1942 гъэм ар Прималкинскэ РВК-м Дзэ Плъыжьым щраджащ. Унэм къыдэнащ абы и бынхэр: Сани, Хьэчим, КІуКІуэ, Сэнят сымэ. 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм ПщыщІыкІур хэтащ Ростов областым и Цимлянскэ станицэм щыІа зэхэуэхэм. 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м тІэу уІэгъэ хъуа зауэлІыр гъэру яубыдащ. Гъэрпіпэм исащ 1944 гъэм щыщхьэуІуи и 28 пщІондэ.

- ЗауэлІым арэзыуэ зэрызимытар наІуэ кІащІ абы и уІэгъэхэм. Хуит къэхъужа нэужьи ар зауэ губгъуэм итащ, - къыхигъэщащ Къаздэхэтым.

78-нэ Запорожье фочауэ дивизэм и дэфтэрхэр щыхьэт зэрытехьэужмкІэ, ПщыщІыкІу Къасболэт зэуапІэм щаукІащ 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м. Махуитху дэкІауэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыбгъэдэкІыу 5-нэ фочауэ ротэм и красноармеец ПщыщІыкІу Къасболэт «И хахуагъэм папщІэ» медалыр къыхуагъэфащащ. Залабакша и Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэкъэм абы хахуагъэрэ лІыхъужьыгъэрэ къыщыгъэлъэгъуат. Бийм и мафІэм пхыкІыуРа абы дзэ унафэхэр взводхэм я командирхэм я деж нихьэсырт. Езым хигъэщІащ фашистхэм я сэлэти 7. Ауэ и унагъуэм хъыбар яІэрыхьатэкъым Къасболэт иужьрейуэ зыхэта зэхэуэ гуащІэм папщІэ медаль къызэрыхуагъэфэщар.

Мы гъэм ди къэралым щагъэлъапІэ Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьэ илъэс 70 зэрыричкъур. Фронтым щызэуащ ди лІыхэгъуэхэр. Къэзымыгъэзэжар куэд дыдэщ. Дэ ди къалэнщ хэкум къыщыхьэщыжу зауэ губгъуэм зи псэр щызытхэм я щІыхьыр тхъумэну. Ди лъахэгъу Нэхущ Ахьмэдрэ абы ипхъу Дианэрэ ирагъэкІуэкІа лъыхъуакІуэ лэжьыгъэхэм я сэбэпкІэ, Къасболэт и медалым щІыгъупхъэ дэфтэрхэр и Іыхьлыхэм яІэрыхьэжьнущ, - жиІащ Бахъсэн районым и администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн кхрихьэлІа-хэм защыхуигъаазэм.

- Мы гъэм и мазаем ди анэр къыдэлъэІуат и адэ лІызам Хьэмид Сэрэбий и къуэм и зауэ гъэугуанэм теухуа тхыгъэ дгъэхьэзыру газетым едгъэхьыну. Дэ къыдэхъулІащ зауэм зэкІуэда ди адэшхуэм Іэрыхьэжьну зыхунэмыса орденхэм я дэфтэрхэр къэдгъэтхьыжьну, илъэс 70 дэкІауэ ар и адэм и фэеплъу ди анэм еттыжьну. Анэм и лъэІукІэ нэгъуэщІхэми дадэпыкъуащ, - жиІащ лъыхъуакІуэ лэжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІа Нэхущ Ахьмэд.

Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьхэм я медалхэмрэ орденхэмрэ къэгъэтыжыным, сэлэтхэм я зауэ гъэугуанэр къэхутэжыным теухуауэ иригъэкІуэкІа лъыхъуакІуэ лэжьыгъэхэм папщІэ Нэхущ Дианэ Бахъсэн щыналъэ адміни-страцэм и щыхь тхьилъ хуагъэфэщащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Энергетикэ

ІэмэпсымэщІэхэм я ефІэкІыныгъэхэр

«Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-р мы гъэм и пэщІэдзэ лъандэрэ электрокъарур автоматизированнэу къызэрапщытэ. учет зэращІ Іэмалым хуокІуэ. Абы папщІэ, Налшык дэт «Энергомер» ЗАО-м къыщигъэкІ АСКУЭ Іэмэпсымэм хуэдэу 2200-м щІигъу фэтэр куэд хъу унэхэмрэ трансформатор подстанцэхэмрэ щагъэувынущ. Аэр GSM модемыр зыпыщІа фазищ счетчикым хуэщІащи, токыу къагъэсэбэпым теухуа хъыбархэр предприятэм и сервер нэхъыщхьэм Іэрыхьэнущ.

ПСЫКІЭХУ (Белэ Речка), Хьэсэнэй, Кэнжэ къуажэхэм, Налшык Байсултановым, Матросовым, ПащІэм, КІыщокъуэм я щІэхэр зэзыхь ухрамкэм тес унагъуэхэм счетчик лІэужьыгъуэщІэу миниХ хуагъэуваш. Абыхэм къагъэлъагъуэхэр радиомодемкІи, ток кІапсэкІи къащыпхтэфынущ. Счетчикхэр предприятэм и хьэкъкІэ хуэзрахъуэкІ.

Учет зэращІ АСКУЭ ІэмэпсымэщІэхэм ефІэкІыныгъэшхуэ яІэщ - щыщІэныгъэхэр псынщІэу къахутэ, мафІэсым пыщІа шынагъуэхэм ущахъумэ, токыр яригъэдыгъуркъым. Электрокъарур гъэпщкІуауэ къыщыхьаш щыпІэхэр, счетчикым и лэжьэкІэр, ток иІуапІэхэм я дертхэр ягъэнаІуэ.

Мы Іуэхур тещІыхьащ «Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м и абонентхэр зэпІэзэрыту токкІэ къызэгъэпэщыным, электрокъарур зэгъэзэхуэным, пщІэнэнэу кІуэдыр гъэмэщІэным.

Электросчетчикхэм къагъэлъагъуэр зэхуэзыхьэс, учет зэращІ Іэмэпсымэ хэр ягъэуваща, абыхэм теухуа хъыбархэр токыр зыщэ Іуэхущ1апІэм и сайтым радиомодем Іэмалкіэ щызэкІэлъахьынущ.

Куэд яхуэзэфІокІ

Налшык и электросетхэр зезыхьэ «Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м налогрэ нэгъуэщІ ахъшэу сом мелуан 57-м щІигъу бюджет лІэужьыгъуэ псоми нэгъабэ хилъхьащ.

АБЫКІЭ къыпэщытхэр игъэзащІэу, мы гъэм и мазиблым къриубыдэу сом мелуан 41-рэ предприятэм бюджетхэм хухихащ. Илъэсым и кІэ пщІондэ иджыри сом мелуан 30-м нэблагъэ а Іуэхум хуэзащІигъэІуэну и мурадщ.

АНЗОР Олег.

● Жылагъуэ палатэ

ЩІэуэ хах

КъБР-м Жылагъуэ палатэм и унафэщІыр зэрахъуэкІащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и жылагъуэ чэнджэщэгъуу яГъэува Чеченов Ануар и пІэкІэ палатэм хэтхэм Берд Хьэзрэталий хахащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ яжриІащ унафэщІыр и пІальэр къэмысу тегъэкІыным и Іуэхур Чеченов Ануар къыбгъэдэкІа лъэІу тхьилъым тещІыхьауэ зытепсэлъыхьынухэм зэрыхагъэхьар.

И лэжьэгъуэхэм сэлам щарихьыжьм Чеченовым псоми фІыщІэ яхуищІащ я Іэнатіэм кууэу хащІыкІыу зыкъызэрагъэлъэгъуам икІи жыджэру зэрылэжьам папщІэ.

- Псори купщІафІэу икІи Іуэхум хащІыкІыу елэжьащ къыптэщыт къалэнхэр зэфІэгъэкІыным. Дэ хабзэгъэув унэтІыныгъэм нэхъ жыджэру дытехьащ, Бизнесымкіэ и институтыр къыхэтеднащ. Комиссэ, комитет псори жыджэру лэжьащ. Республикэм и Жылагъуэ палатэм Урысей псоми ПщІэ къыщыхуащІ. Си фІэщ мэхъу фэ дяпэкІи республикэмрэ абы щыпсэуэхэмрэ я сабэп зыхэлъхэр фхъумэу апхуэдэу екъулІныгъэ хэлъу фызэрылэжьэнур, - къыхигъэщъхьэхуКІащ Чеченов Ануар.

Федченкэ Людмилэ гу лъаригъэтащ палатэм и унафэщІу щыщытам Чеченов Ануар лэжьыгъэм щІэ куэд зэрыхилъхьар.

- Мурадхэмрэ проектхэмрэ ди куэдт икІи ди гугъащ уэ илъэси 10 нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ мыбы ущылэжьну,- щІигъужащ абы.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий къыхилъхьащ республикэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьа Берд Хьэзрэталий папщІэ Іэ яІэтыну.

- Сэ ар илъэс 40-м щІигъуауэ социыху, абы къыхэкІыу гу къабзагъэкІэ а къулыкъум хэфхыну къызэрэлъэгъуэ.

«Вече» урыс лъэпкъ-щэнхабээ центрым и унафэщІ Канунников Анатолий ар диІыгъащ, Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр сыт щыгъуи узыгурыІуэфыну икІи ди гъусэу къытпэщыт къалэнхэр зэфІэзыгъэкІыфынущ цыхуу зэрыщытыр къыхигъэщъхьэкІри.

КъБР-м и Нотариальнэ палатэм и унафэщІ Целоусовэ Анусэрэ Федченкэ Людмилэрэ кандидатым жраІащ республикэм и цІыхухэр зыхуэй-зыхуэфІхэр зэкхыну, абыхэм ядэІэпыкъуну Іэмал иІэну икІи Жылагъуэ палатэм къыдыхэтхэр лэжьыгъэм тригъэгушхуэфыну зэрагуапэр.

Граждан жылагъуэм и Іэнатіэр къэрал къулыкъу Іэнатіэм къыщыщІокІ. Палатэм хэтхэм кьапэщыт къалэнхэм ящыщ зыщ цІыхухэмрэ власткмрэ къыхуащІ дзыхьыр нэхъ куу ищынырэ. Дыщогугъ цІыхухэм гунэс уащыхьэн пкуэзфІэкІыну, жраІащ Жылагъуэ палатэм хэтхэм Берд Хьэзрэталий.

Псори зэдзэрэзыуэ Іэ яІэту хаха иужь КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Берд Хьэзрэталий фІыщІэ яхуищІащ кърагъэзэ дзыхьым къыхэкІыу икІи къыхихгъэщъхьэхуКІащ зэгъусэу ирахьэлІэну къарум и фІыгъэкІэ республикэм и Жылагъуэ палатэр КъэбэрдейБалъкъэрым и цІыхухэм я фІыгъуэм зэрыхуэлажьэнур.

ЗэІуцІэм хэтахэр апхуэдэу арэзы техьауад Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и ятІ къуэдзэм и къулыкъур Жаным Руслан щхьэщахьым. А къулыкъум хахащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жамал.

ЧЭРТЫ Ольгэ.

Сурэтхэр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

● Налшык

Къэрал мылъкум къыхокІ

Мы зэманым цІыху куэд щІоупщІэ ди республикэм и щыналъэ щхьэхуэхэр зэпызыщІэ пассажир транспортым и Іуэхур адэкІэ зэрыхъунум. Абы теухуауэ КъэбэрдейБалъкъэрым гъэзгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и министр Къудей Арсен къыззыджиІамкІэ, мыгувэу ди щІыпІэм газкІэ лажьэ автотранспорту 135-рэ къыхьэнущ. Абы текІуэдэну уасэр къэрал мылъкум къыхэкІынущ, «2020 гъэ пщІондэ цІыхубэ транспортым и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэн» программэм ипкъ иткІэ. Ди республикэм абы хилъхьэнур процентэ 5 къудейщ. Абы къыхэкІыу пассажир транспортым и Іуэхур ефІакІуэ зэпыту екІуэкІынущ.

ЗЭМАН и пэкІэ Налшык и линэхэм щІэуэ трагъэува троллейбус зэпэщхэм адэкІи къыхагъэхъуэнущ нэгъуэщІ транспорт лІэужьыгъуэкэри. Псори зытращІыхьыжыр ди цІыхубэр транспортымкІэ зыхуей хуэзэу къыззгъэпэщынращи, а Іуэхум теухуауэ яІэ Іэмалхэр къагъэсэбэп. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ, министерствэм и Іэщ1агъэпІэм ди республикэм и къэрал, щыналъэ псори къызэхахІухьырэ нобэкІэ яІэ щытыкІэхэм зэрызыщагъэгъуаззри. «Сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр транспорт хуэІухуэщІэм игъуэтын хуей хъуми, псом япэу транспортэхуэхэм захуэдгъэззэнущ, лъэныкъуитРи дызэхуэрэзыуэ дэтхэнэ зы Іуэхури кьетхьэжьэн хуэдэу, - жиІащ Къудей Арсен.

СЫЖАЖЭ Майе.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Гъэр яхуэІеякъым

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм гъавэм и Іухыжыныр и кІэм щыноблагъэ.

МЫ щІыпІэм мэкъумэш щІапІэу щаІыгъ гектар мин 59-м щыщу гъавэр зытрасар гектар 400 къудейрщ. Гектар мини 5-м щІигъур мэкъупІэу къамыгъэсэбэпу хъуркъым. Ауэ псом нэхъыбэ зыубыдыр хъупІэхэрщ - гектар мин 54-рэ. Апхуэдэ щытыкІэм емылъытауэ щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэр бэлэрыгъыркъым. Абыхэм гъавэ щІапІэу гектар 1810-рэ Прохладнэ щІыналъэм бэдзэжьну къыщащтауэ щаІыгъуи, абы щыхасащ гъавэрэ джэшэкІыу гектар 900-м щІигъу.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щызэхэт мэкъумэш хозяйствэхэм бжьыхьэсэ гуэдзу гектар 510-рэ щыІуахьжащ. Абы къытрахащ тонн1275-рэ. ХьэпцІийуэ кърахьэлІащ тонн 460-рэ, зэнтхъыу - 90, бжьыхьэсэ рапсу- 136-рэ.

ДяпэкІэ Іуахьыжкн хуейуэ нартыхур къаполлъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ГуфІэгъуэ зэІущІэ

ЩІыхубэр зыхъумэ ІэнатІэ

Іэщ дохутырыр хуабжьу дызыхуей, къуажэм пщІэшхуэ щызиІэ Іэщ1агъэлІщ. Ди Іэнэм къытехьэ Іэщхэкіхэм я фІагъыр, цІыхухэм я узыншагъэмрэ я зэІуэзэпэщынгъэмрэ зыхуэдэр абыхэм куэдкІэ елъытащ.

«УРЫСЕЙ Федерацэм фэеплъ махуэхэмрэ профессиональнэ гуфІэгъуэ махуэхэмрэ зэрыщагъэув щІыкІэм и Іуэхкіэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указ №659-мрэ нэгъабэ мэкъуауэгъуэм и 11-м Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къищта унафэ №188-мрэ япкъ иткІэ, Ветеринар лэжьакІуэм и махуэ яГъэуващ. Ар илъэс къэс шыщхьэуІуи и 31-м яГъэлъэпІэнущ.

Іэщхэмрэ цІыхухэмрэ я узыншагъэр хъумэным хуэунэтІауэ ветеринар Іэщ1агъэлІэкІэм кІалэныщхуэ яГъэзащІэ, ерыскъыпхъэ, биологие шынагъуэншагъэ, эпизоотикэ щытыкІэ тэмэм къызэрэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ.

Я профессионалнэ махуэм ирихьэлІэу, шыщхьэуІуи и 28-м, ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и Шэджэм къудамэр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къыз1уІуэхащ. Абы яхуеблэгъащ КъБР-м и ялэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей, УФмрэ республикэмрэ я Жылагъуэ палатэхэм хэт Нэхущ Заурбий, щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Кьанщокий, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Аслъэн, АПК-м и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ Беслъэней Чэмал, ветеринар Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр, хьэщІэхэр.

ГуфІэгъуэ зэхьхьэр къызэІуихуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІ - республикэм и къэрал ветеринар инспектор нэхъыщхьэ Щыхьмырзэ Мухьэмэд.

- «Медицинэм цІыхур егъэхъуж, ветеринарием цІыхубэр ехъумэ» псэлъафэм ветеринар лэжьакІуэхэм я пщэрылъхэр зыхуэдэр кІэщІу икІи Іупщу егъэнаІуэ. Республикэм эпизоотикэ щытыкІэ тэмэм щыІэным, ерыскъыпхъэ шынагъэншагъэр къызэрэпэщыным, цІыхухэмрэ Іэщ1ыкІэ уэхэм ящыхьумэным, апхуэдэу щынальэм уз зэрыцІалэхэр къремыгъэхьэнным хуэунэтІауэ ветеринар Іэнатіэм дапщэщи кІалэныщхуэ егъэзащІэ икІи дяпэкІи игъэзащІэнущ. Ветеринар медицинэм цІыху хутыкъуа зэрыхэмытыр хэхауэ ныхъэгъэщІапхъэщ - абы екъулІэр нэхъ пщІэшхуэ зиІэхэм ящыщ а Іэщ1агъэм хъыхуигъэщІаехрщ.

Мы Іэнатіэ гугъум пэрыт псоми фІыщІэ фхуэщІ, насып, узынщагъэ, фІэщхъыныгъэрэ ехъулІэныгъэщІэрэ фиІэну си гуапэщ. Краралымрэ республикэмрэ я унафэщІхэм ветеринар Іуэхущ1апІэм къытхуагъэува кІалэнхэм ди къару зэкъуэткІэ дззэрыпэлъэщынум шэч къытесхьэркъым, - къыхигъэщащ абы зэхуэсахэм щехъуэхъум.

ЩыхьмырзэМухьэмэд къыз1ыпхъэгъуащ ЩэджэкІ ветстанцыр я маХуэм ирихьэлІэщ зэрызрэзІуІахыр зэрынэщэнэфІыр икІи ветеринариер егъэфІэкІуэным теухуа проектхэр жыджэру зыгъэзащІэхэм, ерыскъыпхъэ шынагъэншагъэр зэуІуу къызэзэщІэхэм хэхауэ фІыщІэ яхуищІащ.

КъБР-м и ялэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей я профессиональнэ махуэмкІэ ветеринархэм ехъэхъуащ, а Іэнатіэр республикэм зэрыщыізэтеувам кІэщІу тепсэлъыхьащ, адрей ветеринар пунктхэри зыхуей хуэзъэзэнымкІэ лэжьыпхъэхэм кьытеувыІащ. УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачев Александр и хъуэхъур зэхуэсахэм щаритыжьм, абы къыхигъэщащ, Іэщ1ыхъуныр къэІэтыжьнри хьихьэу, республикэм зегъэужьыным тещІыхьа программэхэр гьэззащІэным ветеринархэм я къарур хузэщІагъэуІуэну зэрыщыгугъыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалэжь Іэщ1экІхэм зэрыслъхьэ ныкъуфащэ увыпІэ щаубыдыпхъэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ республикэм кьалэныщхуэхэр кьыпэщытщ икІи егупсысауэ, жэуапльныгъэ хэлъу ахэр хэтІынкъуейщ. Ветеринар Іуэхущ1апІэр Іэнатіэ зэкъуэтщ. Ар кьэлпІытэмэ, абы куэд зэрыхуэзэфІэкІынум шэч хэлъкъым,- жиІащ министрым.

ЩэджэкІм мунициипальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Кьанщокий къызэригъэлъэгъуамкІэ, Ветеринар лэжьакІуэм и махуэр къэрал гуфІэгъуэ махуэу зэрагъэлъапІэр а Іэнатіэм и пщІэр зэрылъагэм, фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым, социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ къалэн зэригъэзащІэм и щыхьэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Апажэ Аслъэн Іэщ1 дохутырэр зэрагъэхьэзыр щыкІэм тепсэлъыхьащ.

- Ветеринар факультетым щеджэнухэр ирикъуу къэтщтащи, дяпэ илъэс зыІтущкІэ Іэщ1агъэлІ нэсу къыщІэкІынущ, нэхъыжьхэм я гъэгуэм техьэнущ. Ветеринар медицинэм, биологием, экологием я щІэныгъэ екъулІэныгъэхэр я лъабжьэу, апхуэдэу ветеринар лэжьыгъэм и дунейпсо пщалъэхэмрэ хабзэхэмрэ тету ахэр дгъэхьэзырынущ. Іэщ1гъэхъуІэм и новбэрей Іэмал зэхуэмыдэхэм кууэу хэдгъэгуэзэнущ. Ветеринару еджэхэм кьыхаха Іэщ1агъэм и щэху псори ящІэн хуейщ, - кьыхигъэщащ Апажэ Аслъэн.

Хъуэхъуэхэр зэфІэкІа нэужь, Говоров Сергейрэ ЩыхьмырзэМухьэмэдрэ лэжьыгъэм щыпашэхэр яГъэпэжащ, кьыхэжаныкІахэм правительствэ дамыщІэхэр ираташ, «Щэджэм псыкъелъхэр» цІыхубэ ансамблим и уэрэджьыкІуэхэм зэхуэсахэм я гукъыдэжыр яІэтащ.

ЗэІуцІэм гуфІэгъуэ Іэнэм щыпащащ.

ЩОДЖЭН Иннэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

Мелуани 100 къыщІагъэкІ

Керамикэ чырбыш плъыжь къыщІэгъэкІынымкІэ мы зэманым бжьыпэр зыІыгъэхэм ящыщщ Прохладнэ щІыналъэм щыІэ «Капитал-Инвест» Іуэхущ1апІэр.

ЕВРОПЭМ щынэхъыфІ «Cismac» италькн компанием и лэжьакІэ Іэмалхэр илъэс куэдкІэ къзэзыгъэсэбэпу лъабжьэ зыгъэпытІыпІа ООО-р иджырей технологиехэмкІэ къызэрагъэпэщащ. Абы Іэмал къарет зы илъэсым зыхэзэу чырбышу мелуани 100 къыщІигъэкІыну.

Заводым и лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкІи къащегъэпсынщІэ чырбышыр къызыхащІыкІ ятІэр къыщыщІахьмрэ абы щелэжь щыпІэмрэ зэпэгъунэгъу дыдэу зэрыщытым - метр 500 куэдейщ я зэхуакур. Іуэхущ1апІэм и Іэнатіэ псоми тКІийуэ щыкІэлъапІэ къыщІагъэкІ продукцэм и фІагъым. Абы теухуауэ езым я лабораторэ яІэжщ, чырбышым и фІагъым и мызакъуэу, къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэри щызэфІахьыу.

«Капитал-Инвест»-м и керамикэ чырбыш плъыжьыр адрей заводэм нэхъапэм щагъэхьэзыру къызэрэкІам къыщыхьэщкІ: къъупхъэхэр Іувуи, нэхъ пІащІэуэ урохьэлІэ, я кур нэщІ. Абы къыхэкІыу зэхуэсахэр, ауэ ар бадзэгъым зыкІи зэран хуэхъуркъым. КъищынэмыщІауэ, ухуэныгъэ объектхэр игъэдахэу пльыфэ зыбжанэ яІэщ.

Іуэхущ1апІэм и карьерым ятІэ гъэтІылъыгъэу иІэр илъэс 40-кІэ яхуирикъунущ. Апхуэдиз зэманкІэ зэпымыууэ зэлэжьын игъуэтынущ ООО-ми.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

КІэртІофхэм уахуэ яІэкъым

«Дзэлыкъуэ кІэртІоф» Іуэхущ1апІэм ди республикэм и мэкъумэшыщІэхэмкІэ и щыхьэнэм хэхъуэ зэрыту.

КІЭРТІОФ шхыпхъэ хэпльыхьарэ жылапхъэфІкІэ ди хозяйствэхэр къызэгъэпэщыныр зи кьалэн нэхъыщхьэу щыт Іэнатіэм щым телэжьыхьэр нэхъ зыщІэупщІэкэр кьыпІэ. Абы ищэр илъэс кьэс зэгурыІуэныгъэкІэ Голландием, Германием, Финляндием, Урысейм и нэгъуэщІ щІыналъэхэм кьрешри, Дзэлыкъуэ щІыналъэм и губгъуэхэм щыхьэсэ, апхуэдэ щыкІэкІи егъэбагъуэ. Апхуэдэу мы зэманым щІэупщІэшхуэ зиІэхэм ящыщщ «Удача», «Роко», «Пикассо», «Импала», «Белая роза», «Жуковский ранний» лІэужьыгъуэхэр. Жылапхъэу мэкъумэш Іэнатіэхэм иращэн инэ абыхэм хъущхьэгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ йолэжь, вирусхэм пэщІэтыфынх хуэдэу.

2014 гъэм къызэІуаха «Дзэлыкъуэ кІэртІоф» СООО-м къыгъэкІахэм нобэ ди республикэм и хозяйствэ куэдым ущрихьэлІэнущ. Ахэр я тепльэкІэ кьабзэщ, уахуэ яІэкъым, я тепльэ дахэмкІи адрейхэм яхэгъуэщІэнкъым. Іуэхущ1апІэр иджырей мэкъумэш техникэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщащ Іэмал кьарет хэсэгъуэри кьехьэлІэжьигъуэри кІэрыхунщэу кьрахьэлІэну.

Дзэлыкъуэдзэсхэр дяпэкІи хущІэкъуныщ мы зэманым къагъэкІ лІэужьыгъуэхэм кьаэзрыхигъэхъуэнымрэ жылапхъэ нэхъыбэкІэ ди республикэр къызэрызэрагъэпэщыныр.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Фокiадэм и 20-р Адыгэхэм я дунейпсо махуэщ

Макъамэр и гум щигъафIэрт

Балэ Мухьэдин Къэбэрдей-Балъкъэрым и профессиональнэ макъамэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зыщ, макъамэу, уэрэду, операэу, симфониеу 300-м щIигъу итхащ.

МУХЬЭДИН Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Пшынэ еуэ и анэрщ щIалэ цIыкIум макъамэр фIыуэ езыгъэлъэгъуар, абы дезыгъэхьэхэр. Ящыныкъуэхэм деж и анэм и пшынэр къищтэурэ, зэхиха макъамэхэр къригъэкIырт.

1937 гъэм Кэнжэ къыщызрагъэпэщауэ щытащ накъырапщэхэм я колхоз оркестр. Андреевым и цIэр зезыхьэ колхозым и унафэщIхэм Харьков щыщ Мешков Иван капельмейстеру къригъэблагъат. Абы щIалэгъуалэ накъырапщэхэм я оркестрым хэтынукэр къыщыхихым, занщIэу гупым хигъэхьат Балэхэ Мухьэдин, Мухьтар, Закъэ сымэ. Аэр псори бжьамий епщэнут.

Мухьэдин оркестрым хэтурэ япэ ехъулIэныгъэхэр кьихьащ. Мешков абы дзыхь хуищIыт адыгэ макъамэхэм я пьесэ цIыкIуэр щагъэзащIэм деж оркестрым и дирижеру щытыну. Оркестрым и кьыхэдзакIуэри бжьамийм фIы дыдэу епщэ Мухьэдинт.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхьейм, Балэр езыр щIэлъэIури, дзэм кIуаш, гугъуехь мымащIи абы щIишчащ.

ИужькIэ Мухьэдин IэфIыкIэ щащI фабрикэм и накъырапщэ оркестрым хихьащ, итIанэ Налшык паркым и оркестрым щылэжьащ. А зэманым Балэм макъамэхэр, накъырапщэхэм я оркестрым папщIэ, марш зыбжанэ итхащ. 1946 гъэм адыгэ опернэ студием щеджэнуэхэм хэту кIуэри, Ленинград консерваторием щIэтIысхьащ, композитор Кочуров Юрий и пьесэнхэм ящыщ хуауащ. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, зи Iэщагъэм фIыуэ хэзыщIыкI егъэджакIуэм гу лъитащ адыгэ щIалэщIэм зэфIэкI зэриIэм икIи дерс къэс нэхъ гугъу кьыщищIу щIидзащ, композитор кьыхищIыкIын и мураду.

1946 гъэм и кIэм Балэ Мухьэдин и егъэджакIуэм и чэнджэщкIэ уэрэд итхыу щIидзащ. Абы щIыгъуэ дунейм кьыщытехьар «Конституцэм и уэрэдыр», 1947 гъэм - «Комбайнерым и уэрэд», «Гушэхъуэ уэрэд», «Сэ фIыуэ сльагъу шагъдийкэр» уэрэдхэр.

Композитор щIалэщIэм кьыдеджэхэм папщIэ итха уэрэдхэр абыхэм ягу ирихьащ, яфIэфIу жаIащ: «Мы хьыджэбзым и цIэр кьызжефIэ», «Гъатхэ», «Уи деж сынокIуэ». Апхуэдэу абы итхащ романсхэр, езым нэхъыфIу илъэгуэра жанри - маршхэр - Iэщ1ыб ищIакъым. И Iэдакъэ кьыщIэкIхэр щIэщыгъуэт, гъэщIэгъуэнт. Абы кьыхэкIыу, Чайковскэм и щIэкIэ щыIэ стипендиер кьыхуагъэфэщащ. Композиторым Ленинград консерваторием кьиуэри, Налшык кьэкIуэжащ.

Балэ Мухьэдин уэрэд хуэд итхащ КIыщокъуэ Алим, Щоджэнцыкlу Iэдэм, Щоджэн Хьэбас, нэгъуэщIхэми я усэхэмкIэ. Абы и уэрэдхэр щIэныгъэ хуауащ.

1950 гъэхэм икуэхэм композиторым елэжьын щIидзащ куэд щIауэ и гум щигъафIэм - Щоджэнцыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэмкIэ оперэ тхыным. Абы и пэ актым елэжьурэ, камернэ произведенэхэри итхащ. А зэманым Балэм и Iэдакъэ кьыщIэкIащ цIэрыIуэ хъуа уэрэдхэу «Гъагъэ, си Хэку», «Уэрщ си насыпыр», «Къуажэ монтер», нэгъуэщIхэри. Балэ Мухьэдин макъамэм и жанр куэдым хэзагъэт. Симфоние оркестрым щхьэкIэ уверторэхэр, театрым щагъэуф спектаклхэм - макъамэхэр, камернэ произведенэхэр яхуитхащ.

Псом хуэмыдэу кьехъулIащ Акъсырэ Залымхъан и «Кьызбрун» пьесэм (1959 гъэ) хуитха макъамэр. Ар теухуащ XVII лIэщIыгъуэм кьрым хъаныр Къэбэрдейм кьызэрытеуам. А макъамэр иджыри зэ щыхьэт техъуат Балэ Мухьэдин театрым хуэтхэмыкIэ зэфIэкIышхуэ зэриIэм. «Кьызбрун», «Марш», «Къафэ», «Испэмей» - ахэр ди симфоние оркестрым нобэми игъэзащIэхэм ящыщ. Абыхэм ущедаIуэкIэ цIыхуэ уэрэдыжьхэр уигу кьагъэкI.

«Кьызбрун» спектаклым хуитха макъамэм кьыкIэлъыкIуащ драматург гъуэзджэ Акъсырэ Залымхъан и пьесэхэм къытращIыкIа «Истамбыл», «Андемыркъан», «Къаэмэтрэ Къасболэтрэ» спектаклхэм яхуитхэр.

1960 гъэхэм наIуэ хъуащ Балэ Мухьэдин симфониехэр тхыным зэрыхуэIэзэр. «Си Къэбэрдей-Балъкъэрыр» абы и япэ симфониешхуэщ. 1963 - 1967 гъэхэм композиторым итхащ «Дон и губгъуэхэм», «Сыт щыгъуи псэунущ» симфоние поэмэхэр. ЕтIуанэр Хэку зауэшхуэм зэкIудахэм я реквиемщ. Балэм и япэ симфониер симфониеттэу кьежьащ, итIанэ елэжьыкри нэхъ ин ищIащ. Ар щыIуащ Москва, Дон Iуфэ Iус Ростов, Владикавказ, Кисловодск, Мейкъуапэ, Черкесск, нэгъуэщI кьалэхэми.

Абы кьыкIэлъыкIуащ «Къуажэдэс щIалэгъуалэр» увертюрэр, симфоние поэмэшхуэхэу Кавказ Ищхьэрэм щекIуэкIа граждан зауэм жьыджэру, псэемыблэжу хэта Кьатхъэн Назир теухуа «Назир», «Шуудей плъыжьхэр».

Вокально-хоровой уэрэд зыкъомри итхащ Мухьэдин - араториехэр, кантатэхэр, вокально-симфоние сюитэхэр. ЦIэрыIуэ хуауащ хорхэм папщIэ итха «Си хэкум и уэрэд» араториер.

Кьардэн Хьэсэн и гъусэу Балэм итхащ Щоджэнцыкlу Алий и поэмэм кьытращIыкIа «Мадинэ» оперэр. Ар ди Музыкэ театрым щагъэлъэгъуауэ щытащ 1970 гъэм. Араущ адыгэ лъэпкъ оперэм лъабжьэ хуэхъуари.

Театреплъхэм ягу ирихьауэ щытащ Балэм макъамэ зыхуитха «Шамхун и фызышэ» музыкэ комедиер (либреттэр Iутlык Борис ейщ). Нобэр кьыздэсым къалъытэр а музыкэ комедием efIэкIым ямытхауэ.

ЗэрыщIэщи, Балэ Мухьэдин нахьыкъапщэхэм папщIэ макъамэхэр тхыныр нэсу кьехъулIэрт. ПщIы бжыгъэкIэ Iэдем кьытехьащ апхуэдэ пьесэхэр, маршхэр: «Къэбэрдей», «Сэлам», «Черкесия», «Зэныбжьэгъуэ», «Къалмыкъ БетIал и фэеплъу», нэгъуэщIхэри.

Ди композиторхэм ящыщу Балэ Мухьэдинщ ди сабий усакIуэхэм ятхахэм япэу макъамэхэр щIэзыгъэхьар. Абы гэ, балъкъэр усакIуэхэм я сабий усэхэу абы макъамэ зыщIилъхьахэр тхьилъитIу кьыздэкIащ.

Ди республикэ макъамэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхэу хуэзыщIа композиторэ Балэ Мухьэдин 1973 гъэм кьыфIащащ «КъБАССР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Балэ Мухьэдин и цIэр мыкIуэдыжьын зыщIа макъамэр ди лъэпкъым пыщIащи, цIыхухэм сыт щыгъуи ягу илъынуц.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.

КъызыхуигъэщIар артистыгъэмрэ театрымрэт

Мы тхыгъэ кIэщIыр зытеухуа Мысостышхуэ Пщыгэбий илъэс куэдкIэ Къэбэрдей театрым и утыкум бжьыпэр щызыIыгъахэм ящыщщ, тельыджэу роль зэмылIэужьыгъуэ куэд зыгъэзэщIа, сценэм щимыт дэжи гъащIэм Iуэху щхьэпэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ хэтыфа артистщ. Ди театрым Пщыгэбий щыдигъэлъэгъуа роль псом я гугъу зы жэщ-махуэкIэ пхуэщIынукъым.

АБХЪАЗЫМ я цIыхухуэз, зи цIэр жаIамэ, лъэпкъыр зыхуэтэджи Лакобэ Нестор и ролыр кином щызыгъэзэщIэн артист къэрал псом къыщалъыхъуэрт. ФIым и фIыжьу къалъытэу «Мосфильм»-м зэхуишэсу зыхэджэ артист 16-м кьыхахар Мысостышхуэ Пщыгэбийщ. Кьызэрыщыгугъари игъэпэжри, ди къуэш абхъазхэр игъэгуфIащ, иIэм я нэхъыщхьэ цIыхубэ артист цIэ лъапIэр кьыфIащащ, Дмитрий Гулиа и цIэкIэ щыIэ я къэрал сагъэстри къратащ.

Сэ цIыхухэм ящIэну сыхуейт театрым щащIа Iуэхушхуэм хуэдиз дыдэ мыхъуми, абы пабдзыж мыхъуну, тщыгъупщэнкIи Iэмал имыIэу Мысостышхуэ Пщыгэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ ди адыгэ радиом лэжьыгъэшхуэ дыдэ зэрыщызэфIагъэкIар. Си лэжьыгъэ гъэзэуанэм и иужьрей илъэс 14-м редактор нэхъыщхьэу сыздэщIа радиокомитетым сэ Пщыгэбийрэ КIунэрэ куэдрэ Iуэхукlэ сащрихьэлIащ. Микрофоным уэкъыIуувэрэ уи жьэм зыгуэр жиIэкIэ зэфIэкIыркъым радиом и лэжьыгъэр. А жаIэр зыхуэзгъэзам деж бзаофIэу, шэрыуэу, гурыхьу нэгъэсынур куэдым яхуэзфIэмыкI Iуэху гугъущ. Ди артистхэм ящыщу ар нэхъыфI дыдэу зыхъэхъулIэхэм а тIур япэ итщ, езы тIур я Iэзагъкlэ, я макъ дахагъкlэ мыр япэщ зыкIпIэу уаэхмыдэфу. Арат нэхъыбэм зэрытщIри - езы тIур зэгъэкIуэсэу микрофоным Iудгъэтlысхьэрти, зи, ятеплъхъэр я хьэлъэт.

Зэ кьеджэгъуэкIэ зэфIэкI нэтын щхьэхуэхэм нэмыщI, Пщыгэбийрэ КIунэрэ куэдрэ ирагъэкIуэкIащ цIэрыIуэ хъуа, цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа «Iэдиихуу», «Жьэгу пащхьэ», «Пшынальэ», «ГушIэхэмрэ ауанэмрэ», «Театрымрэ театреплъхэмрэ» нэтынхэр, нэгъуэщIхэри. А тIум яIэщIэплъхъэр щIагъэлъэлъу кьеджэ кьудейкIэ Iуэхур зэфIагъэкIыртэкъым. Тхыгъэм иужьрейуэ Iэ тезыдзэжьр сэра пэтми, ахэр сфIыхэIэбэрти, «мыпхуэдэу мынэхъыфIу пIэрэ?» жаIэу зыгуэркъэ халъхьэрт. ЗэхэщIыкI зиIэ творческэ лэжьакIуэхэм я чэнджэщхэр сыт щыгъуи щхьэпэт.

Пщыгэбий Iэзэу кьызэреджэм, зэрыджэгум хуэдэу икIи радио лэжьыгъэр фIыуэ ищIэрт. Радиом и фондым ГъунэжькIэ хэлъ «ГушIэхэмрэ ауанэмрэ» я нэхъыбэр дапэкIи куэдрэ кьэпт хъунущ, ахэр зэхуэзыхьэсарэ пленкэм тезытхари Пщыгэбийщ, кьеджари КIунэрэ езымрэщ. ИтIанэ, а тIур щыджэгу, Мысостышхуэм и жэрдэмкIэ кьэзэригъэпэща, инсценировкэхэр фондым щыкуэдщ.

Пщыгэбийрэ сэрэ зы гуп дыхэтуи илъэс зыбжанэ дызэдэлэжьащ. А зэманым ар телевидением и режиссер нэхъыщхьэт. Махуэ къэс сыхьэт зыщIыпIэ хъу программэ зэмыфсурэ, ауэ щыхьэукIи бзищIэ упсальэу телевизореплъхэм я пащхьэм уиувэнырэ щыгъуэ, ущIытепсэлъыхьын щIыхь зиIэкъым. ИкIи абыкIэ япэ жэуаптакIуэр, творческэ лэжьыгъэ псор зэкIуэлIэжыр режиссер нэхъыщхьэрт. Мы лэжьыгъэ гугъуми хуэIэижьу кьыщIэкIащ Пщыгэбий. АбыкIэ хэкIыпIэ хуэхъуащ и Iэзэгъымрэ цIыхуэм хэтыкIэ, дэлэжьакIэ зэрищIэмрэ. Мысостышхуэ Пщыгэбий режиссер нэхъыщхьэу щыщыта илъэсхэм телевидением и лэжьыгъэр нэрылъагъуу ефIэкIуат. Ауэ, сыт хуэдэу щымытми, абы игури и псэри здэщыIэр кьызыхуалъхуа артистыгъэмрэ театрымрэти, абы игъэзэжащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.

Чэрим Борис Лэкъумэн и къуэр

Дунейм ехьжащ РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щIыхь зиIэ я дохутыр, СССР-м уэлэнтаIэр хъумэныжкIэ и IэнатIэм и отличник Чэрим Борис. Мы гъэм мэлыжьыхьым и 20-м абы и ныжьыр илъэс 85-рэ ирикъут.

Чэрим Борис къиухат Осетие Ищхьэрэ къэрал медицинэ институтыр. Ар ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу медицинэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэзэгъуэтахэм. Старэ Шэрэдж къуажэм дэт участковэ сымаджэщым и унафэщIу лэжьэн щIидзащ, ижькIэ районым и хирург нэхъыщхьэу, Къащкъатау жьлэм и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэкIуащ.

Жэуаплиныгъэ хэлъу дохутыр щIалэр зэрылажьэм гу къыльатэри, республикэм кьыбгъэдэкIыу Дохутырхэм я союзпсо зэхуэсым хэтыну ар ягъэкIуащ, Ленинград щIэныгъэр щрагъэфIакIуэ курсхэм и зэфIэкI щыхигъэхъуэнуи яутIыпщащ. Илъэс 12-кIэ Бахъсэн район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу Iэжьащ, абы щыгъуэми езым операцэхэр иригъэкIуэкIыу.

1963 гъэм Чэрим Борис Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ ящIащ. 1976 гъэм Къалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ зэуащ икIи а Iэнатlэм илъэс 21-кIэ пэрытащ, и къару щымысхьыжу лажьэу. А зэманым кьриубыдэу сымаджэщым кьыщцэзIуахат хирургие, кардиологие, неврологие, эндокринологие кьудамэхэри, нэгъуэщIхэри. Къызэрагъэпэщащ гу-псантхуэ узыфэхэм щеIэзэ пэшхэри. Апхуэдэуи сымаджэщым зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтар къалъытат гемодиализыкIэ къудамэр кьыщызэIуахам. Чэрим Борис и жэрдэмкIэ Къалэ сымаджэщ № 1-м щагъэувауэ щытащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда медицинэ лэжьакIуэхэм я фэеплъыр.

Ар псэухукIэ и Iэщ1агъэмрэ лэжьыгъэмрэ хуэпэжу къэгъуэгурыкIуащ, абы и Iэзагъэу щытар щIэблэм щапхъэ яхуэхъупхъэщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр яхуогуэвэ республикэм узыншагъэр хъумэныжкIэ Iэнатlэр езыгъэкIуэкIыу Чэрим Борис и благъэ-Iыхьлыхэм.

Хьэсанэ Мусэ Хьэбалэ и къуэр

ГущIыхьэ тщыхъуауэ хьыбар фыдогъащIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ Хьэсанэ Мусэ Хьэбалэ и къуэр дунейм зэрехьыжамкIэ.

Хьэсанэ Мусэ Щэрэдж щIыналъэм хьихьэ Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. Ленинград къэрал консерваторэр кьиуха иужь, музыкэ школым макъамэм и теориемкIэ егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ. 1956 - 1993 гъэхэм Налшык Музыкэ училищэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым, Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр училищэм я унафэщIу щытащ. 1993 гъэм кьыщыщIэдзауэ ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым щригъэджащ.

Лэжьыгъэ Iэнатlэм щыпэрыта илъэсхэм Хьэсанэ Мусэ республикэм и жылагъуэ гъащIэм жьыджэру хэтащ. Музыкэ щIэныгъэ егъэгъуэтыныжкIэ республикэ методикэ советым и унафэщIу щытащ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и коллегиемрэ художествэ советымрэ хэтащ.

Хьэсанэ Мусэ республикэм профессиональнэ музыкэ щIэныгъэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ зыуэ щыта. Музыкэ Iэщ1агъэлIхэр гъэхьэзырын и лъэныкъуэкIэ зэфIигъэкIахэм папщIэ абы «УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр кьыфIащащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и щIыхь тхылъит1 кьратащ.

Хьэсанэ Мусэ кьыпхуэмылъытэнымэ хуэдиз хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкlэ и министерствэр Хьэсанэ Мусэ Хьэбалэ и къуэм и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогуэвэ.

Иджыри зы жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Къулъкъужьым Ищхьэрэ и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм деж жылагъуэр зэзыгъэуIу советым лэжьэн щыщIидзащ. Ар жэрдэм ищIу къыззэгъэпэщар жылагъуэ лэжьакIуэ пэрыт Щауей Суфадинщ. Ятэ зэIущIэм Суфадин советым и тхьэмадзу илъэсиплI пIалъэкIэ щыхахащ.

ИДЖЫРИ зы жылагъуэ зэгухьэныгъэ къыззгъэпэщыным щхьэусыгъуэ хуэхъуам жэуап къыщритым, абы Iуэхугъуэ зыбжанэ къриIуащ. «Псом япрауэ, къуажэм щызэхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къалэныщхьэу гуэр ягъэзащIэу пхужьIэнукъым. КъищынэмыщIауэ, абыхэм къуажэдэсхэм я деж пщIэшхуэ щаIэкъым».

Ахуэдэуи Щауейм кьыхигъэщащ езыхэм кьызэрагъэпэща зэгухьэныгъэр адрейхэм зыкIи зэрыжьэхэмыуэнур. Абыхэм я мурадщ щIыпIэ администрацэм и жьауэ щIэту я къуажэм щагъэзэщIэну я мурад Iуэху пэрытхэр гъащIэм хапщэнымкIэ жэуаплиныгъэ кьащтэну.

Жылагъуэзэгухьэныгъэм и тхьэмадэм зэржиIамкIэ, абыхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащIынущ къуажэм и щIыуэпсымрэ кьабзэлъабзэгъымрэ кIэпльыпльыным, щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ тэмэм етыным, адыгэ хабзэжьхэр къэгъэщIэрэщIэжьным.

Советым нэхъ жьыджэру цIыху 17 хагъэхьащ. Апхуэдэуи абы хэтщ къуажэм щылажьэ нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэри.

ЧЫЛАР Аринэ.

ЩIалэгъуалэр куэдым хагъэгъуазэ

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым «Опора России» федеральнэ Iуэхущ1апIэр и дэIэпыкъуэгъуу зыщыхьэуIуи и 10 - 20-хэм Къырымым щригъэкIуэкIащ «Таврида» дунейпсо щIалэгъуалэ зэхьхьэр. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри. Форумыр зытеухуауэ щытампэ абы кърикIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр и лIыкIуэхэм зэрыжьэхэмыуэнур.

- «ТАВРИДА» дунейпсо щIалэгъуалэ зэхьхьэм и лэжьыгъэр гъэщIэгъуэну зэхэгъэуват. Форумым и мурад нэхъыщхьэт абы хэт щIалэгъуалэм я гупсысэкуу ищIыну, журналист ныбжьыщIэхэр зэригъэщIыхуу адэкIэ зэригъэIыгъыну. Ар къызэгъэпэщакIуэхэм къайхъулIащ, сыту якIпIэмэ зэхьхьэм дгъэкIуа ныбжьыщIиплIым зэрызаужьыным теухуауэ мурад куэд яIэу къэкIуэжащ, - жиIащ Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Минин Вячеслав.

- «Таврида» зэхьхьэр Урысей псом и журналист ныбжьыщIэхэм ятещIыхьауэ къыщыосщIэм, ар занщIэу гъэщIэгъуэн сщыхъуат. Абы укIуэн щхьэкIэ гъэхьэзырын хуейт щхьэж и щIыналъэм теухуауэ видео кIэщI е зы тхыгъэ. Дэ а къалэным дыпэлъэщати, Къырымым щекIуэкIа зэхьхьэ дахэм дыхэтыну ди насыпт кьрихьэкIащ, - къыздогуашэ форумым щыIа, КъБКъУ-м журналистикэмкIэ и къудамэм и студент Сэкрэк Анжелэ. - Ди къэухым хэзыгъэхъуэн Iуэхугъуэ куэдым дыхэтащ, тхакIуэ, журналист, актер цIэрыIуэхэм, зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI Iэджэм даIущIащ, я гупсысэкэр зыхуэдэр зэдгъэщIащ. Апхуэдэхэт Дмитриев Олег, Филимонов Максим, Щербинин Олег сымэ, нэгъуэщIхэри. Дерсхэм дызэрыщIэсам кьыщынэмыщIа, джэгукIэ щхьэпэхэми дыхэтащ. Псалъэм папщIэ, гупипщIу дагъэшри (зы гуп къэс цIыху 40 хэту) махуищым и кIуэцIкIэ редакцIэ къызэдгъэпэщын хуейуэ ди пщIэ къыдалъхьащ. Мыбдежым къыщыхэзгъэщынут «Таврида»-м дызыхуигъэса зы Iуэхугъуэ - ар сыт хуэдэу къаIэныр е лэжьыгъэр гугъуу дримыхьэIами, гупыр зэуIуу дылэжьэфу къызэрыщIэкIарщ. Форумым сэ къыщызгъэлъэгъуащ «Жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъуIыныным теухуауэ щыIэ къэрал программэм жылагъуэр зэрыкIэльыплъыр» Iуэхум теухуа си проектыр. Ардыдэм ехьэлIауэ зи лэжьыгъэхэр утыку кьизыха нэгъуэщIхэми я фIыгъэкIэ сэ нэхъыбэу щыгъуазэ сыхъуащ ди къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм дызытепсэлъыхьам и Iуэхур зыщытетым.

- Дэ хьэлэмэт тщыхъуат къэрал псом къыхашу цIыху 400-м щIигъу зы Iуэхукlэ дызэрызыхагъэхьар. Уеблэмэ абы ныжьыгъу къыщIтхуэхъуащ Камчаткэм къикIа зыбжани, - гу зылъитахэм дыщегъэгъуазэ Шыпш Iэдиихэу. - Дерсхэм уекIуэлIэну фIыт, сыту жьыпIэм абыхэм сэбэп Iэджэ къыщытущIащ. Абы щыгъуэми зыгуэрыи и гур къузуэ е гузавэу зыри къытхэттэкъым, къытIущIа цIыху пажэхэр ди ныбжь, Iэщ1агъэ, зэфIэкI емыпытауэ къызэрыгуэкIыу къыдэпсалъэрти. Тхыгъэ, видеоматериал хьэлэмэтхэм форумым дыщрагъэлэжьащ, псалъэмакъ щхьэпэ къыддрагъэкIуэкIащ Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым и лIыкIуэхэми. Къырымыр езыр зэдгъэцIыхуну дыхуэнэсакъым, ауэ ныбжьэгъу куэд абы къыщыдгъуэтащ.

«Таврида» дунейпсо щIалэгъуалэ формуым щыIа-хэм къызэрыхагъэщщи, зэхьхьэр купщIафIэу екIуэкIащ. Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым и штаб нэхъыщхьэм и унафэщIхэм ящыщ, «Опоры России» зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Бречалов Александр зэрыжиIамкIэ, мыпхуэдэ зэхуэсхэр илъэс къэс ирагъэкIуэкIыну я мурадщ, абы Iуэхугъуэ къыщаIэтыныхэм рэ щIалэгъуалэр зыхагъэгъуэзэнымрэ дапэкIэ нэхъ зрагъэубгъунущ, Iэщ1агъэлI цIэрыIуэхэр нэхъыбэу кърашэлIэнущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Хьэжыщ1 макIуэ

Дин Iуэхухэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икIыу мы гъэм хьэжыщ1 цIыху 40 кIуащ. Ахэр фокIадэм и 9-м пщэдджыжьым ипподромым деж щызэхуэсри, автобускIэ ежьащ. Абыхэм я тэрмэшщ икIи я гъуэгугъэлъагъуэщ КъБР-м и дин Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ Мисиров Хьэзыр. Хьэжыщ1хэр «Кавказ» фирмэм и автобусымкIэ Минводы нэс кIуэнущ, адэкIэ Минводы - Мединэ - Джиддэ къхъухьлъатэ рейсымкIэ зекIуэнухэщ. Гуэгупщ1эр мы гъэм доллар 3490-рэ и уасэщ. Абы хеубыдэ щыпсэуну хьэщ1эщым и пщIэри.

ИЛЪЭС блэкIахэм хьэжыщ1 кIуахэм я бжьыгъэр куэдкIэ нэхъыбэу щытащ, мы гъэм долларыр лъапIэ зэрыхъуам къыхэкIыу мащ1эщ ежьэну зыхуэфIэкIар. Урысей Федерацэм икIыу хьэжыщ1 мы илъэсым кIуэфар цIыху мин 12-щ.

ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэ.

● Шыпсэ

Къуэдзокъуэр мазэм зэрыкІуар

- Уэлэхь, тІасэ, ар уэ уи фІэщ мыхъункІи хъунщ, ауэ мы дуней псор къэзыгъэнэху мо мазэм къэскІухьу сытетамэ сэ къэпсычІыгъур!

- Іагъ! Ар дауэ, абы нэс сыткІэ удэкІуеят, ПІалиб?

- Уэлэхь, МылитІэ, уи ГъащІэкІэ угупсысами, къыпхуэмыщІэн сэ абы сызэрыдэкІуея щІыкІэр! Схуэхъуу сыдэкІуея уэфІщІрэ? Уэлэхь, лъэщыгъэкІэ сыдрахуеямэ! Зыми жумыІэж, ауэ зэрыхъуар мыращ:

- Ёрвалющэм и зэманэ Бесльэней Хьэбалэ дэрэ шу щэ ныкъуэ ди гъусэу къуршым дыкъэкІыжауэ дыкъыздэкІуэжым, Гундэлэн жыхуаІэ псыр Бахъсэн къыщыхэхуэжым деж, шокъу жиІэу белэм дащыІущІащ, шу мин хъууэ, Инэрокъуэ инэралыжьыр я пашэу. Сыт тщІэнт? Зэзауэр едгъэжьащ. Къулъшыкъушхуэм щІэддзар шэджагъуэнэужь хъуху дызэзэуауэ, си щхьэр къэсІэтрэ сакъыхэплъэм - белэр иджыри шу щитхум зэрынэхьэсу, дэ зы шу пщыкІутху нэхъыбэ дымыхьужу! «Дашыпэ иджы мыбыхэм!» - жысІэри Бесльэнейм седжащ:

- Хьэбалэ, шу пашэу ягъ ниуви, къуршыкІэ нешажьэ ди дзэр, хьэлэч дыдэ дохъу, сэ шуукІэ къалэу фяужь ситынщ,- жысІэри.

- Ерэхьу! - жиІэри Хьэбалэм ди шу пщыкІутху къэнэжар иришэжьауэ Бахъсэн ауэым ныдешэ, сэри шуукІэ къалэу сыщытщи, зызгъасэм сахэуэурэ, сахэуэхуи шуитІ-шууищ яхэзудурэ дыкъокІуэ. Апхуэдэхэхуэрэ Іуащхьэмахуэ лъапэ дыкъыщыщІахуэм, шууитху фІэкІа дыкъэнэжатэкъым, белэри шу щищ иримыкъужу апхуэдэт.

- Мы хьэ бзаджэхэр дяужь икІынукъым, Хьэбалэ, сыт ди Іэмал? - щыжысІэм:

- Сыт тщІэн, Къуэдзокъуэ, - жиІащ.- Уэлэхьи, сымыщІэ, Іуащхьэмахуэ дыдэгъэкІуей. Дишхэр щолэхъущ, ешами дыдахынщ. Щыгур зэ дгъуэтмэ, шыплІэпылимоткІэ дакъыхэуэзэрэ ныдэдгъэкІуеинкъым.

- Ерэхьу! – жысІэри Іуащхьэмахуэ дыкІэрыхьауэ дыдокІ; дишхэм я пэщхьыным сырих мафІэ бзийм уэсыр егъэткІу, игъэткІуар псыхъэлыгъуэу къежьэмэ, зэхэлъэдэжуэрэ, псышхуэ мэхъури, пхъэр ныттлъеІэм зы шууитІ хичуре ирехьэх. Псыдзэр Бахъсэн хохуэжри, нэпкитІым хуэфІу йох, къущьхь жылэхэр къурш сыджэкэм зэрыдзхауэ тетщ, къэхъуари-къущІари къэхуэмыщІэу.

Апхуэдэу дэри дыдэкІым, мохэри ныттлъеІэурэ, Іуащхьэмахуэ уанэ зыщищІ увыпІэм дыщынэсам, ди шу щэ ныкъуэм щыщу къэнэжар Бесльэней и къуэжьымрэ сэрэт. Дишхэм зедгъэлъэтэхщ аби, шыплІэпылимотхэр къызэІуддзэри, нартыху пІэнкІым хуэдэу, шэр ятедгъэльалъэу щІэддзащ, арщхьэкІэ дыгъэр щыкъухьэ дакъыкъэм ирихьэлІэу шэуэ дилар духащ. Ар щапльагъэу белэр зэрыгъэкІиящ, Инэрокъуэ инэралыжьыр нэджащ:

- УкъыспэщІэхуакъэ иджы, Къуэдзокъуэ и къуэжь! - жиІэри.

Инэрокъуэм дэрэ кэд щІаеу дыззбийт, зыпылъ хъыджэбзыр къэзгъэкІуэсауэ щытати.

- Умыгъгъэ, инэралыжь! - жысІэри сыджэжащ сэри. - Уэлэхьэ, къамэ щыІэм иджыри.

АрщхьэкІэ къамэкІэ шуудзэ псом уапэлъэщынт! Іуащхьэмахуэ джабэм кІэрылъ уэсыр уамыгъэльагъужу къыдэкІуейр Инэрокъуэм и дзэр. Шу пашэхэр къэсыным саржын тІощІрыпщІ нэхъыбэ иІэжтэкъым. Абдежым, уэздыгъэр щІагъэнам хуэдэу, Іуащхьэмахуэ щыгур нэху къэхъуащ. Мыр сыту пІэрэ жысІэри сыкъыдэплъеймэ - мазэр пшэ гуэрэным къыщІэмбырыауэ къокІуэ, Іуащхьэмахуэ и дыкъуакъуапІэм къытригъэпсауэ.

- Хьэбалэ, умыбэлэрыгъ иджы! - жысІэри, мазэр къыщысым сылъэри, зы жыг щхьэкІэ къэзубыдащ, Бесльэней и къуэжьри налъэри, нэгъуэщІ зы жыг щхьэкІэ иубыдащ.

Инэрокъуэ инэралыжьым и жьэр Іурыхуауэ наплъэу, мазэм дытесу Іуащхьэмахуэ дыщхьэщыкІри, дежьэжащ. Жыгхэм дыкъепщыхьжри щыІгум дыкъыстеуба нэужь, фІыуэ зытплъыхьащ. Иджы ар мы ди щым утету ушыпльэкІэ, мазэр жыжьэщи щыкІуу къыпфІощІ, арщхьэкІэ гъунэгъуу убгъэдыхьэмэ, инщ, мо Ерысто Іуащхьэ хуэдэу тІу-щы хъунщ, езыр зэфэззщу пльыжьыщ, хъарбыз зэгуэгъэхуэм ещхьу.

- Уэлэхьэ, псы сыхуолІэм, Къуэдзокъуэ, - жиІащ Хьэбалэ, фІыуэ зытплъыхьа иужь, - ауэ псы щызымыльагъу мы сыкъыздэпшам.

Дежьэри псы къэтлъыхъуащ. Шыгуэбыкъуэ хуэдиз хъун жьІэпІэу зы псы щыкІу къежьэхти, дыІуГъуалъхъэри, дефащ. Псыр дзэм дыхьэу щыІэт, фом хуэдэу Іэфіт. Ди псыхуэлІэ икІри, псы щыкІуи и докІуэ. ДыІутуэр, ипщэкІэ докІуэ. Допльэри, мазэм и курыкупсэм къыщыщІэжу арат а псы Іэфі щыкІури, мэлыхъуэжь щыкІуи и хъушэр къихуауэ псы иригъафэу дольагъуэ.

- Бохъу апщий!

- Уэ упсэу апщий! Фыкъеблагъэ!

- Уэлэхьэ дыкъеблэгъам, дэнэ дыкІуэжьи!

Мэлыхъуэжь щыкІуи и пщыІэмкІэ дытрищэри, ди Іэхъу щыІэтэ къыщІэм, гъэлъэхъу тІущІэ къытридзэри тхуиуКІащ.

Ильэс псокІэ дигъатхъэдигъашхэу дигъэхьащІащ мэлыхъуэжь щыкІуи. Ильэсыр дэкІри, мазэм Іуащхьэмахуэ дыкъуакъуэм къытригъэпсауэ къыщыхуэкІуэм зредгъэхьэлІэри дыкъепкІэжащ. Мэлыхъуэжь щыкІур, сыт жедмыІами, къытхуехьыжьи идакъым, сэ Амыщ сримэлыхъуэщ, мэлыр дауэ губгъуэм къызэкІэ, - жиІэри.

Іуащхьэмахуэ дыкъехьжри, Бахъсэн Іуфэ дыкъыщыІухьэжьым, дишхэр щыщу мэзым къыхэкІыжащ. Дишхэм фІыуэ загъэпсэхуат, дэри ди къару къыззэрыгъуэтыжати, дыщэсыжри ервэлуцэм дгъэзэжащ. Белэр къетхужьэщ аби, къэтхум-къэтхуурэ, Тэрч Іуфэ къэтхусауэ, Инэрокъуэ инэралыжьыр псым щыхэпкІэм хуэзэу, си арэкъэнар здэыри, уанэгум къысчІащ аби, псым къыхэспъэфыжащ.

- Мис апхуэдэущ кІэс къыззраубыдыр Инэрокъуэ и къуэжь! - щыжесІэм:

- Уи насып къыстекІуащ,- жиІати, хуэздакъым:

- Уэ къыптекІуар зищІысыр уэ уощІэж! - жысІэри.

Бесльэней Хьэбалэ дунейм ехьащІи, и хьэдрыхэ фІы Тхъэм хуищІ! Абы къимыдэкІэ, уэр фІэкІа, ди Іуэху зэрыхъуэм щыгъуаз дунейм зы щыхуи тетхым. Кхъыжьи ІакъыМ жумыІэж: думыІуэтэж!

НАЛО Заур.

● Лъэпкъ щхьныгъуэхэр

Губгъуэджэш плъыжь зыхэлъ хьэлыуэ

Шыуанкіэ тхъу къагъэплъ, бэлагъкІэ зэІащІэурэ абы джэш хьэжыгъэ ухуэнщІар хакІутэ, мафІэ щабэм тету, зэпымыуэз зэІащІэурэ, хьэзыр хъуху, дакъикъэ 27-30 хуэдизкІэ, ягъажьэ. ИтІанэ мафІэр щабэ дыдэ ящІри, абы фо гъэткІуар хакІэ, псынщІэу бэлагъкІэ япщурэ, Іув хъуху ягъажьэ дакъикъи 2-3 хуэдизкІэ. Хьэзыр хъуа хьэлыуэр шыуаным кърагъэщэтри, тхъу зыщыхуа Іэнэм тралъхъэ. Я Іэр псы щыІэм хащІэурэ псынщІэ дыдэу яубэ, зэпэплІимэу е хъурейуэ. Адрей хьэлыуэхэми хуэдэу зэпаупщІикІи яшх.

Халъхьэхэр:
тхъууэ - г 200,
губгъуэ джэш хьэжыгъэ ухуэнщІауэ - г 900,
фоуэ - г 500.

Лы гъэгъуа гъэва, нартыху цІыбынэ и гъусэу

Лы гъэгъуар псы хуабэкІэ ятхъэщІ. Ар щІигъанэу псы щыІэм халъхъэри, дакъикъэ 20 хуэдизкІэ хагъэлъ, шыгъур щІихьин щхьэкІэ. ИтІанэ лыр шыуаным иралъхьэ, щІигъанэу псы пщтыр щІакІэ, шыуаныщхьэр трапІэри, шыгъу хамыдзэу хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахьыурэ. Лы вар лэпсым къыхахьжри, тІэкІу ягъэупщІыІу, г 30-40 хъууэ яупщІатэ.

Іэнэм щытрагъэувэнум деж лы зэпыупщІахэр лэпсым халъхьэри зэ къытрагъэкъуалъэ. ЯпщІыкІэ тепщэчым щІывынэ пщтырыр иралъхьэ, абы и щыІым лы гъэва тыкъыр щІыкІуэр тралъхьэри бжьныхуу шыпс пщтыр тракІэж. Яшх пщтыру, зыри дамышхыу.

Халъхьэхэр (щІыхуитІ Іыхьэ):
лы гъэгъуауэ - г 280,
нартыху хьэжыгъэу - г 160,
гуэдз хьэжыгъэу г 50,
псывзу - г 120,
лыр зэрагъэвэну псыуэ - узыхуейм хуэдиз.
Бжьныхуу шыпсым:
бжьныхуу укъэбзауэ - г 25,
лэпсу - г 40,
шыгъурэ шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Тыркум Къайсэр къалэ щыпсэу Щоджэн Нэжэт. Ар компьютерхэм хуэІэзэщ.

● Гушыіэхэр

Псапащіэ

Гъэмахуэ кІуам Дизыкъуажэ Іэуху къыльхьуэкІащ: и хадэхэкІыр бзгъуаеуэ здибхьынур ищІэртэкъым. Бззэрым щищэну зэманри гукъыдэжи иІэтэкъым, ауэ щыхъум, пщэдджьжь гуэрым, и мылъкум псапэ хищІыкІыну мурад ищІщ, зы нащэ пэгунрэ помидор ашьчрэ куэбжэпэм дихри, шэнт зырызым тригъэуващ. «ПщІэнтэу фызот!» жиІэу ахэрфыщхуэкІэ тхауэ шэнт зыкІэрыгъэщІапІэм кІэригъэзэпщІэжри, езыр лэжьакІуэ кІуащ. Пщыхьэщхьэм, лэжьапІэм къикІыжмэ, елъагъу: нащэ пэгунри помидор ашьчри щытщ, зыри емыІусауэ, шэнтитІыр - бгъэтмэ, къащтэ, - щытыжькъым...

Мамэ ныщІэкІуэнур сыт?

ЛІым и бынхэм яжреІэ:

- Мыгувэу отпуск къыдатынущи, тенджыз Іуфэм зыгъэпсэхуакІуэ дыкІуэнущ.

ЦІыкІуэр гуфІэнтэкъэ - гуфІащ.

- Абы, - къыпещэ адэкІэ лІым, - ди Іэр зэтедзауэ дыщыщысынущ, пІэ Іухьнри, шхыныр гъэхъэзырынри, унэр гъэкъэзэнри дэ ди Іуэхунукъым: псори зыгъэпсэхупІэм я лэжьакІуэхэм къытхуащІэнущ.

Ар щызэхихкІэ, илъэсих зи ныбжь щІалэ нэхъыжьым, и дамащхьэр дрешейри, зыри къыгурымыІуауэ, щІоупщІэ:

- Абы щыгъуэм сыт-тІэ ди гъусэу мамэ ныщІэкІуэнур?!

ГущІэгъулы

Хъыджэбз щыкІур унэм щІолъэдэжри, и анэм йолъэІу зы тумэн къритыну.

- Сыт зэрыпщІынур, на-а? - йоупщІ анэр и пхъум.

- ПщІэрэ, - жеІэ пхъум, - гъэгъущхьэм тес фызыжьым естынущ.

Анэм, и пхъур зэрыгущІэгъулыр гуапэ щыхъуауэ, ахъшэр ирет:

- Мэ, си псэ закъуэ. А фызыжьыр, тхьэмыщкІэ, лжьэжькІэ щыІэм мыгъэжьым.

- АІэ, - жеІэ хъыджэбз щыкІум, - ар мэлажьэ. Абы адакъэ ещІэ...

- Сыт адакъэ, на-а?- егъэщІагъэ анэм.

- КІэныфет адакъэ!

- А-а, - жеІэ анэм икІэм-икІэжьм, ахъшэм щыхуейр къыгурыІуауэ.

БжэмышхитІ фІэкІа диІэкъым

Дохутырыр сымаджэм еплъщ, хущхъуэ хуитхри, зэрызрихьэлІэну щыкІэр жриІащ:

- Махуэ къэс бжэмышхиц из уефэнущ.

Сымаджэр, Іэнкун къэхъуауэ, дохутырым иоупщІ:

- НэгъуэщІ хущхъуэ схуэптх мыхъуну пІэрэ?

- Ар сыт щхьэкІэ? – къыгурыІуэркъым дохутырым.

- Зи щхьэкІэри... Ди унэм бжэмышхитІ фІэкІа щІэлъкъым, - жеІэ сымаджэми, укІытауэ йоплъыхь...

КІУАНТІЭ Іэззид.

● Чэнджэщхэр

Ху хьэжыгъэр щагъэлъкъым

- Бжэныл ягъэгъуркъым, ягъэгъупщІу аращ.
- Нэхъапэм Іэщщыхуэм и кІапэм сэмпІалъэ къыхащІыкІыу щытащ.
- КІэртІоф гъэжьа зэрылъ тебэм и щхьэр тепІауэ куэдрэ щыбгъэтмэ, йоуцІыныхь.
- Мэл е бжэн къызэрабыдыр мэлыхъуэбашщ. Іэкіэ къэбубыдмэ, узэІуса лыр фІыцІафэ хъууэ къалъытэ.
- Фіагъэжу зи фэр траха Іэщщыхуэм е Іэщ цІыкІум лыджанэкІэ йоджэ.
- ПІащІэ хъуа щыпсым бажэ щыпскІэ йоджэ.
- Джэшыр хуабапІэм щахъумэркъым, хьэпІацІэ хещІэрэ.
- Къуэнтхъуурей цІынэ куэд пшхыреймэ, жьэжьейр егъэкъабзэ.
- Дэшхуэр яшхыну сэбэлышхуэщ лъы зи мащІэхэм, щыгъупщэххэм.
- ГъэтІылъыгъэ ящІа кхъуейр яшхыну къыхаха нэужь псы щІыІэ дагъэжэх. Пхуэмышхыу къэнар хэплъхьэж хъунукъым, кхъуейр щащэ ещІ, зэІегъэхьэ.
- Шыгъу ипкІутыныи утеувэныи гуэныхъышхуэ пылъу кхъалъытэ.
- Хугу хьэжыгъэр щагъэлъкъым, дыдж мэхъури.
- Ху мэжаджэ нэхъ щащІыр сабийм лъэтеувэ щыхуащІыи и дежэ.
- Кхъэб ящІэтар е зэгуаудар ямыгъавэу е ямыгъажьэу махуитІ нэхърэ нэхъыбэ щагъэльхъэм, зэІохьэри.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псалъэжьхэр

Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ

◆Ныбжьэгъуэр бгъэунэхунумэ, хуитыныгъэ ет.
◆Сабий зэрымысым насып илъкъым.
◆Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.
◆Уи гунэгъу и фэ къыптоуэ.
◆Унэр игущ, жьэгур и псэщ.
◆ФызыфІ зиІэм хъуэхъу и унэ илъщ.
◆Хэгъэрей бзаджэ дэкІуатэ кІыхьщ.
◆Шыпхъум и гур дэлъхъумкІэ гьэзащ.
◆Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ.
◆Адыгэр вакъэ лъэныкъуэу шхэркъым, шхэурэ уэрэд жиІэркъым.
◆Аргуэй мыдзакъэ щыІэкъым.
◆Бжэмышх нэщІ жьэм хуахьыркъым.
◆Бзэгур шэм нэхърэ нэхъ жэрщ.
◆Гугуехь зымылъэгуам гуэзгуанэ хуэшэчыркъым.
◆Шыпхъуншэ нэхърэ шыпхъу нэф.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Адыгэ зауэлІым фронтым ... пэж щыщыгъуэщ. **6.** Хэку зауэшхэм генерал- майору къикІыжащ, къэрал Іэтащхьэ хъури маршаным нихусащ. **7.** Псыщхьэ тещтыкІа. **10.** 20-нэ лІэщІыгъуэм ... шынагъуэ куэд къыщагупсысащ дунейм. **11.** Къэнжал хьэку цІыкІу. **12.** Пасэрей адыгэ зауэлІым и джанэ. **13.** Муслъымэн диным зэрыжиІэмкІэ, си щІалэгъуэр зэи имыкІыу жэнэтым ис тхьэІухуд. **14.** ТхъуцІынэ щІэпхумэ, ар къонэ. **15.** ЩІэжьей. **16.** ГъэшхэкІ. **17.** Адыгэ лъэпкъ. **19.** ПщафІэ цІыхубзым и щыгъын щІыІутелъ. **22.** Анэкъиплъху. **23.** Зиусхьэн лъэпкъ. **24.** ЩхьэхуимыІу яІыгъ цІыху. **27.** ТхьэмышкІэм, шхын зимыІэм ират. **28.** Бдзэжьейр псым зэ-ресыр абыкІэщ. **29.** Японием е Америкэм уэзрыкІуэфынур кхъуэхльатэкІэщ е абыкІэщ. **30.** Бжэ1улъэ. **32.** Космонавтхэр здэлъатэ уафэгу жьижь. **34.** ЦІыхум и щІыфэм хищІэ хьэпІацІэ цІыкІу. **35.** ... цІыкІу бжьакъуэшхуэ. **36.** Уэс кІьесагъащІэм хыболъагъуэ мэзымкІэ къикІыу бажэ ... **37.** Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **38.** Іэпсльэпс. **39.** ТхакІуэ-усакІуэхэу КІыщокъуэ Алим, КІэрэф Мухьэмэд, Елгъар Кэшиф, Мэзыхьэ Борис, Къунижь Хьэйишэт, Апажэ Ахьмэд сымэ я къуажэ. **37.** Ямыуп-су щхьэкъм къранэу щыта щхьэщ Іэрамэ.

Къехьу: **1.** Уэлбанэшхуэ нэужьым адэкІэ-мыдэкІэ зэбгрыкъ псы цІыкІухэр. **2.** Мусльымэн диным зэрыжиІэмкІэ, цІыхур щызыгъуэну хэт нэрымыльагъу бзаджащІэ. **3.** Уи унэцІэ зезыхьэ унагъуэ. **4.** Адыгэ мазкъамэ Іэмэпсымэ. **8.** Пщэ гъум. **9.** Адыгэ театрым и джэгуакІуэ гъуэзэджэщ щыта, Лениным и ролыр Іэзэу зыгъэзэщІа, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **18.** «Эмирым и ...» - КІыщокъуэ Алим и роман. **20.** Зи пэм къипсэлъыкІ цІыху. **21.** Къущ, псы зыщІэмытыж. **25.** Псыежэх къиуам къирихьэхэр. **26.** Ябынікъуэ цІыхухэм я нэкІум, щыІэм къытекІэ лы тыкъыр цІыкІу. **30.** ... пыІэ. **31.** Кхъухьлъатэ-зехуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **32.** УнэщІэ къищэхуам и пщафІапІэр унэгуащэм ... дахэкІэ иуэ-дащ. **33.** Гъэмэщ ... е щІы-махуэ ...

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Фокіадэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Ныбжьэгъу. **6.** Уэрдыхъу. **7.** Пкъы. **9.** Хущхьэ. **10.** Хуабэ. **11.** Тхьэрыкъуэ. **12.** Ёсэп. **14.** Мест. **15.** Лъэпэд. **17.** Пащхьэ. **18.** Абрэдж. **19.** Мы. **22.** Тхъу. **23.** Жармыкіэ. **24.** Гуль. **26.** Шху. **30.** Шабзэ. **31.** Ерокъуэ. **32.** Къабыл. **33.** Шухьэ. **35.** Хасэ. **37.** Берычэт. **39.** Нало. **40.** Хъудыр. **41.** Мэл. **42.** Къандзэгу. **43.** Шыбэан.

Къехьу: **1.** Мылъхуэс. **2.** Щэбэт. **3.** Сэшхуэ. **4.** Дыщэпс. **8.** КъарапІэ. **13.** Пащты. **14.** Мурат. **15.** Лъэхъу. **16.** Дау. **20.** Гъурц. **21.** Шыр. **25.** Лъабзэ. **26.** Шхошх. **27.** Хьэкъ. **28.** Шыбзыхъуэ. **29.** Мел. **34.** Уэнжакъ. **36.** Сэрмакъ. **37.** Борэн. **38.** Тхъурыжь.

Бжьыхьэпэ мазэ

● И чэзущ

Ялп бжьыхьэ мазэр иджырей фокІадэр аращ, абы и 22-м къихьэу. Бжьыхьэпэ мазэр къихьамэ, гуахъуэ хэх укІуэ хъунущ, жаІэу щыІащ. Ар ЦІыхуэхэм фІыуэ ягъэунэхуа Іуэхут. Бжьыхьэр къихьамэ, жыгхэм я хэхъуэныр щагъэт, пхъэ кумылэр мэж, пхъэ хъунур ягъэхьэзыр.

МЫ МАЗЭМ щхьэкІэ «Си хьэр цІыху хъуащрэт» - щыжаІэ зэманщ», - жаІэрт адыгэхэм. ЦІыхуэкІэ хуэмыщІа унагъуэхэм мэшых щІыхьэху ящІт. Гъавэ бэв кІайхъуліаре яхуэзэщІамыкъуэжмэ, ярикъунын хуэдиз яІуэрти, адрей къэнар щэджу зэтралъхьэрт. ЩІымахуэ щІэкІаеу щэджу уиІэныр фІыуэ, унагъуэ хуэщІам и нэщэнэу яБжьыт. Абы къыхэкІыу, зыгуэрым и Іуэху къимыкІамэ, «и щэджыжьыр иІуэжащ» жаІэрт. Мыбы ехьэлІат «хьэм тетыгъуэ» жыхуаІэри. Ар хьэблэм е къуажэм зы хьэм яІэу абы чэзуэу щылажьэу зэрыщытам и щапхъэу къэнащ. ГъавэщІэ кърахьэлІэжам сэджыт, бытыр хуэдэхэр хатыкІын ипэ, „хамэІумыхуэ" жаІэрт тхьэлъэІу цІыкІу ящІырт. ГъавэщІэм щыщ япщэфІырти яшхт, итІанэ гъапэ ящІэн щІадзэрт. Гъавэм щыщу бытыру бгъум епщІанэр ятырт; Іэщщым, мэл, бжэнхэм - щынэ плІыщІ къэс зы яту арат, ауэ нэхъыбэ птыныи фІыт.

Мы мазэм хиубыдэрт - Гъубжэдэх тхьэлъэІур. Ар унагъуэ тхьэлъэІухэм ящыщ щыщ. ТхьэлъэІум нэхъыщхьэр унэгуащэрт. Ар зэрекІуэкІыр мыпхуэдэут. Губгъуэм итахэм, Іуэн зыуахэм я пщэм гъубжэ дэлъу пщІантІэм къыдыхьэжэхэрт. Унэгуащэмрэ сабийхэмрэ гуфІэу абыхэм къапежьэрти хъуаХъуэрт, гъэр узыншэу зэрызэщІалъхьам щхьэкІэ тхьэошхуэм фІыщІэ хуащІу. ИтІанэ унэгуащэр Іэбэрти, зыгуэрым и пщэм дэлъ гъубжэр къыдихьну хуежьэрт. АрщхьэкІэ гъубжэр зи пщэм дэлъым ар къыдригъэхьыртэкъым. ИтІанэ унэгуащэм хьэлывищрэ махъсымэ фальэрэ губгъуэм щыІахэм къахущІихырт. Ар къыдихьэжахэм я нэхъыжьым иритыр, хъуахъуэурэ псоми и пщэм дэлъ гъубжэхэр къыдихырт, ахэр хьэщІэ ПІапІэм ещхьу къригъэблэгъэжырт. Мыбы щыгъуэ гъавэщІэр щапщэфІ къэхъурт. А гъавэщІэм щыщ яшхмэ, абы иужькІэ хамэ Іумыхуэ тхьэлъэІури занщІэу ящІу щытащ.

«Адыгэ календарь» тхылъым къитхыжащ.

● И чэзущ

Ди ныбжьэгъу

Ди ныбжьэгъу Мыдзэкъуэ Аслан Ныбжьыкъуэ Адамэ и ныбжьыр зэрыхъуа ильэс 60-м ехьэлІауэ,